**Тематикон пълан 4 кълас**

| Урочы № | Урочы темæ | Урочы мидис æмæ равзаринаг фарстатæ | Скъоладзауты зонындзинæдтæм домæнтæ |
|---|---|---|---|
| | | **Ахуырад æмæ наукæ (3 сах)** | |
| 1 | Цæрукъаты Володя «Чиныг» | Æмдзæвгæйы сæйраг хъуыды – чиныджы фæрцы зонындзинæдтæ райсын.<br>Поэты ныхæстæ: «Сси фæндагамон Цæрайæн»- ы нысаниуæг<br>Дзырдуат: сыкъафындз, стъалыбазыртæ, адæмыхæттытæ.<br>Литературæйы теори: эпиграф.<br>Æмбисæндтæ хъæугæ дамгъæтæй æххæст кæнын.<br>Уыци-уыцитæн дзуæппытæ дæттын. | Зонын:<br>- эпиграф æмæ æмдзæвгæ;<br>- æмдзæвгæйы мидис;<br>- авторы хъуыды.<br>Арæхсын:<br>-æмдзæвгæ аив кæсынмæ;<br>- вазыгджын дзырдты нысаниуджытæ æмæ арæзт æмбарын кæнынмæ;<br>- хъæугæ дамгъæтæ æвæрынмæ. |
| 2 | Дзасохты Музафер «Амондджын бон» (скъуыддзаг роман «Дæллаг Ир-æй») | Авторы тыххæй хуымæтæг зонындзинæдтæ.<br>Радзырды сæйраг архайæг автор йæхæдæг.<br>Автор цавæр рæстæджы кой кæны?<br>Йæ тырнындзинад ахуырмæ. Цавæр чиныг ын æрхаста стыр цин æмæ сси йæ бирæ чингуытæн сæрæвæрæн?<br>Æмбисæндтыл куыст.<br>Уыци-уыцитæн дзуæппытæ дæттын. | Зонын:<br>- автор æмæ йæ радзырды сæйраг геройы;<br>- радзырды сæйраг архайæджы бæллиц;<br>- циндзинад ын цы чиныг æрхаста, уый ном.<br>Арæхсын:<br>- радзырды геройæн йæ зæрдæ скъолайæ цæуылнæ рухс кодта, уый радзурынмæ;<br>- сæйраг геройæн цины лæвар чи бакодта, уымæн аргъ кæнынмæ. |
| | | **Куыст – цардæн фæрæз (6 сах)** | |
| 3 | Хацырты Сергей «Фæллойы зарæг» | Æмдзæвгæ бакæсын, сæ хъуыды сын раргом кæнын.<br>Райгуырæн бæстæмæ уарзондзинадыл беседæ.<br>Тагъдзуринаг бакæсын.<br>Вазыгджын дзырдты арæзт бацамонын: куыствæллой, цардуалдзæг, гауызæвæрд. | Зонын:<br>- уацмысы автор æмæ йæ жанр;<br>- æмдзæвгæ кæсын, анализ ын кæнын;<br>- вазыгджын дзырдты растфыссынад.<br>Арæхсын:<br>- тагъддзуринаг тагъд кæсынмæ;<br>- æмбисæндты хъуыды æргом кæнынмæ. |
| 4 | Чеджеты Геор | Радзырд бакæсын. Кусаг мыдыбындзы | Зонын: |

| | | | |
|---|---|---|---|
| | «Сауцъиу æмæ æхсыргур» | хъæлдзæг зарæджы мидис. Æхсыргур – хъал æмæ сæрыстыр. Фыссæджы цæстæнгас æхсыргур, сауцъиу æмæ мыдыбындзмæ. Дыргъдæттæн пайда цавæр цъиутæ сты? Цæрæгойтæм, цъиутæм уарзондзинад гуырын кæнын. | - мыдыбындз æмæ æхсыргуры миниуджытæ;<br>- æхсыргур æмæ сауцъиуы быцæу.<br>Арæхсын:<br>- дыргъдæттæн пайда цы цъиутæ сты, уыдон ранымайынмæ.<br>- фæрстытæн дзуæппытæ дæттынмæ. |
| 5 | Айларты Измаил «Уарз фæллой» | Авторы тыххæй цыбыр хъусынгæнинаг. Æмдзæвгæ аив кæсын.<br>Цæмæн ис алы хъуыдыйады фæстæ дæр фарсты нысан?<br>Ирон рагон царды уагыл ныхас кæнын.<br>Дзырдты нысаниуджытæ æмæ арæзт амонын.<br>Æмбисæндты хъуыды æргом кæнын. | Зонын:<br>- авторы æмæ йæ уацмысы сæйраг хъуыды;<br>- вазыгджын дзырдты арæзт.<br>- фарсты нысаны æвæрд алы хъуыдыйады фæстæ дæр;<br>Арæхсын:<br>- æмбисæндты хъуыды æргом кæнынмæ;<br>- уацмысы хъуыдымæ гæсгæ фæллойæн аргъ скæнынмæ. |
| 6 | Хуыгаты Ленæ «Авджы сæстытæ» | Радзырд æмбаргæ каст кæнын. Йæ мидис ын бамбарын. Хæйттыл æй дих кæнын. Алы хайæн дæр пълан саразын. Къордтæй йыл бакусын. Уацмысы сæйраг хъуыды: «Ныййарæджы æвæгæсæй макуы ныууадз». æрдзурын.<br>Хатдзæгтæ скæнын. | Зонын:<br>- радзырд æмбаргæ каст кæнын;<br>- радзырды мидис;<br>- пълан аразын.<br>Арæхсын:<br>- уацмыс хæйттыл дих кæнынмæ;<br>- хатдзæгтæ кæнынмæ. |
| 7 | Чеджемты Æхсар «Цъырцъы-раг» | Басня аив, раст хъæлæсы уагæй кæсын. Цъырцъыраджы царды уагыл æрныхас кæнын. Кусын чи нæ уарзы, уымæн фидæн нæй – басняйы сæйраг хъуыды. Мæлдзыг сæрд йæхи зымæгмæ куыд цæттæ кодта. Фæллойуарзаг мæлдзыгыл зымæг дæр нæ тых кæны. Проблемон фарст: «Мæлдзыг раст бакодта, цъырцъырагæн кæй нæ баххуыс кодта, уымæй?»<br>Литературæйы теори: басня.<br>Æмбисæндтыл куыст. | Зонын:<br>- аив раст хæлæсыуагæй кæсын;<br>- басняйы сæйраг хъуыды.<br>Арæхсын:<br>- проблемон фарстæн дзуапп дæттынмæ;<br>- хи хъуыдытæ дзурынмæ.<br>- Цъырцъыраджы царды уагæн аргъ кæнынмæ. |

| | | | |
|---|---|---|---|
| 8 | Дзесты Куыдзæг «Тегайы бæлас» | Радзырд бакæсын. Йæ сæйраг хъуыды йын бамбарын. Тега цы фæд ныууагъта йæ фæдыл? Цæмæн баззад йæ кой? Фæллой кæнын у царды сæйрагдæр фæрæз. Тегайы хуызæттæ сты цардаразджытæ. Радзырды хъомыладон нысаниуæг. Хи ныхæстæй дзурын. Проектон куыстæн темæтæ: «Тегайы бæлас». «Ногдзауты хъæд». | Зонын:<br>- радзырд æмбаргæ каст кæнын;<br>- Тегайы фæд йæ фæстæ;<br>- фæллойы нысаниуæг.<br>Арæхсын:<br>- проект аразынмæ;<br>- радзырд хи ныхæстæй дзурынмæ;<br>- йæ сæйраг хъуыды æвзарынмæ. |
| **Сæрд (9 сах)** | | | |
| 9 | Плиты Харитон «Найынмæ» | Æмдзæвгæ кæсын. Сæрдыгон æрдзы ныв тæ. Адæймаг æмæ æрдзы бастдзинд. Сабитæ сæ улæфт доны был уадзынц. Нывмæ гæсгæ радзырд æрхъуыды кæнын. Æмбисондыл куыст.<br>Уыци-уыцийæн дзуапп дæттын.<br>Литературæйы теори: тагъддзуринаг. | Зонын:<br>- æмдзæвгæйы авторы;<br>- аив кæсын;<br>- сæрдыгон æрдзы ивддзинæдтæ;<br>Арæхсын:<br>- нывмæ гæсгæ кусынмæ;<br>- хи ныхæстæй дзурынмæ. |
| 10 | Дзасохты Музафер «Хъæддаг бабызы læппын» | Радзырды сæйраг хъуыды: адæймаг хъуамæ хъæддаг цæрæгойты æххуыс кæна. «Ацы радзырды чи разынд хъæддаг?» – проблемон фарст. Фыссæджы цæстæнгас кæсагахсæг læппуты митæм. Бабызы læппыны цард æнæ мадæй?<br>Хи хъуыдытæ дзурын.<br>Нывтæ текстмæ гæсгæ фæд-фæдыл равæрын. | Зонын:<br>- æмдзæвгæ æвзаргæ каст кæнын;<br>- фыссæджы цæстæнгас læппуты мимæ.<br>Арæхсын:<br>- проблемон фарстыл ахъуыды кæнын æмæ йын дзуапп раттынмæ;<br>- хи хъуыдытæ дзурынмæ. |
| 11-12 | Ситохаты Саламджери «Зилгæ мал» | Радзырд кæсын æмæ йын йæ мидис æмбарын. Дыууæ æфсымæры ахаст. Радзырды сæйраг хъуыды.<br>Проектон куыст бакæнын. Цæмæн схуыдта автор йæ уацмыс «Зилгæ мал»?<br>Цæуылнæ сæххæст Бæппийы бæллиц?<br>Литературæйы теори: радзырд | Зонын:<br>- æфсымæрты ахаст сæ кæрæдзимæ;<br>- радзырды сæйраг архайæг чи уыди;<br>- авторы цæстæнгас йæ персонажтæм;<br>Арæхсын:<br>- проектон хæстæ æххæст кæнынмæ;<br>- проблемон фæрстытæн дзуæппытæ дæттынмæ. |
| 13 | Хаджеты Таймураз | Æмдзæвгæ раст æмæ аив кæсын.<br>Цавæр æнкъарæнтæ æвзæрын кæны? | Зонын:<br>- æмдзæвгæйы мидис; |

| | | | |
|---|---|---|---|
| | «Сæрдыгон изæр» | Сæрдыгон хъæуккаг изæр. Æрдз, цæрæгойтæ, хæдзарон фос æхсæвмæ æнхъæлмæ кæсынц. Фыссæджы æнкъарæнтæ.<br>Литературæйы теори: олицетворени. | - фыссæджы æнкъарæнтæ;<br>- цы у олицетворени.<br>Арæхсын:<br>- æмдзæвгæ раст хъæлæсы уагæй кæсынмæ;<br>- хи æнкъарæнтæ æвдисынмæ. |
| 14 | Ситохаты Саламджери «Сæгуыты læппын» | Радзырд кæсын, хи ныхæстæй йæ дзурын.<br>Диссаджы ныв: бирæгъы læппынтæ æмæ сæгуыты læппыны хъазт.<br>Сæгуыты læппыны мады фесæфт…<br>Адæймаджы æмæ хъæддаг сырдты митæн аргъ скæнын.<br>Сывæллæттæн хи хъуыдытæ зæгъын кæнын.<br>Æмбисæндты хъуыды раргом кæнын. | Зонын:<br>- хъæддаг цæрæгойты миниуджытæ;<br>- радзырды мидис;<br>- радзырды сæйраг хъуыды;<br>- адæймаджы митæн аргъ кæнын.<br>Арæхсын:<br>- хи хъуыдытæ дзурынмæ;<br>- æрдзы диссæгтæн аргъ кæнынмæ;<br>- проблемон фарстæн дзуапп дæттынмæ. |
| 15 | Коцойты Арсен «Куысыфтæг æмæ дурын» | Литературон аргъау. Йæ хицæндзинад адæмон аргъауæй.<br>Аргъауы сæйраг архайджыты хæлардзинад.<br>Кæрæдзийы куыд фервæзын кодтой зын сахат.<br>Цæсгæмттæм гæсгæ каст. Аргъауæн анализ кæнын. Æцæг хæлардзинады æууæлтæ.<br>Къæйттæй куыст. | Зонын:<br>- аргъауы авторы;<br>- æцæг хæлардзинады æууæлтæ;<br>- цæсгæмттæм гæсгæ кæсын.<br>Арæхсын:<br>- аргъауы сæйраг архайджытæн аргъ кæнынмæ;<br>- къæйттæй кусынмæ. |
| 16-17 | Бæдоаты Хъазыбег «Жоркæ» | Радзырд бакæсын. Йæ мидис ын бамбарын.<br>Сæйраг архайджыты хæлардзинад. Æрдзы æрфыст радзырды.<br>Æмбæлтты уарзондзинад æмæ æххуыс хърихъуппы læппынæн. Дзырдты растфыссынад бацамонын: арвыллæугæ, хосгæрдджытæ, æрыскъæфдзуан, хæрзæггурæггаг, цыргъкъуымон. | Зонын:<br>- радзырды авторы;<br>- сæйраг архайджытæ æмæ сæ миниуджытæ;<br>- æвзаргæ каст кæнын.<br>Арæхсын:<br>- læппутæн характеристикæ раттынмæ;<br>- тексты бæлвырд бынат ссарынмæ;<br>- læппуты хæлардзинадæн аргъ кæнынмæ. |
| **Зæххы сой – царды сой (6 сах)** | | | |
| 18 | «Æвдадзы хос» (вьетнамаг аргъау) | Аргъауы мидис.<br>Аргъауы сæйраг хъуыды.<br>Сылгоймаджы læггад фæндаггонæн. | Зонын:<br>- аргъауы мидис;<br>- сæйраг архайæджы миниуджытæ. |

| | | | |
|---|---|---|---|
| | | Цы у «Æвдадзы хос»?<br>Хатдзæгтæ скæнын.<br>Æмбисæндтыл куыст. | Арæхсын:<br>- хатдзæг скæнынмæ;<br>- сæйраг архайæгæн аргъ скæнынмæ. |
| 19 | Хъазиты Мелитон «Иу къусы» | Аргъау кæсын, йæ мидис ын æмбарын.<br>Цæхæрадоны халсарты быцæу.<br>Рольтæм гæсгæ кæсын æмæ беседæ аразын.<br>Халсарты фембæлд иу къусы.<br>Нывтыл кусын, схемæтæ кæсын.<br>Литературæйы теори: абзац. | Зонын:<br>- аргъауы мидис æмæ авторы;<br>- цы у абзац;<br>- цæхæрадоны халсарты нæмттæ æмæ сæ пайда адæймагæн<br>Арæхсын:<br>- беседæйы архайынмæ;<br>- халсарты быцæуæн æмæ фембæлдæн аргъ кæнынмæ. |
| 20 | Дзесты Куыдзæг «Мæкъуылтæ фервæзын кодта» | Радзырд хæйттыл дих кæнын. Къордты куыст.<br>Нывтыл кусын.<br>Азæмæт æмæ йæ фыды фæлгонцтæ.<br>Фыссæджы цæстæнгас йæ радзырды архайджытæм.<br>Цы у æхсæнадон мулк? Куыд æй хъæуы хъахъхъæнын?<br>Фæрстытæн дзуæппытæ дæттын.<br>Æмхуызон дзырдты нысаниуæг бæрæг кæнын. | Зонын:<br>- сæргондимæ кусын;<br>- нывыл кусын.<br>Арæхсын:<br>- текст хæйттыл дих кæнынмæ;<br>- хи ныхæстæй дзурынмæ;<br>- Азæмæт æмæ йæ фыды ахастытæн аргъ кæнынмæ;<br>- архайæджы раконд хъуыддагмæ гæсгæ миддуне бæрæг кæнынмæ. |
| 21-22 | Ганс Христиан Андерсен «Дыргъдонгæс æмæ уæздæттæ» | Литературон аргъауы хицæндзинад радзырдæй.<br>Аргъауы сæргонд æмæ йæ сæйраг архайджытæ. Уæздæттæ æмæ сæ кусæджы фæлгонцтæ.<br>Аргъауы дыккаг хайæн сæргонд æрхъуыды кæнын.<br>Уæздæттæ æмæ Ларсены удварны миниуджытæ. Фæрстытæн дзуæппытæ дæттын. | Зонын:<br>- аргъауы мидис;<br>- литературон аргъауы хицæндзинад радзырдæй.<br>Арæхсын:<br>- уæздæттæ æмæ Ларсены удварны миниуджытæн аргъ кæнынмæ;<br>- аргъауы дыккаг хайæн сæргонд æрхъуыды кæнынмæ;<br>- фæрстытæн дзуæппытæ дæттынмæ. |
| 23 | Будайты Милуся | Уацмысы жанр. Уацмысы архайджытæ. | Зонын: |

| | | | |
|---|---|---|---|
| | «Дидинджытæ» | Радзырды хъомыладон нысаниуæг.<br>Тырнындзинад хистæртæн æххуыс кæнынмæ.<br>Хъæуккаг царды сæрдыгон нывтæ.<br>Дидинджыты рæсугъддзинад. Авторы цæстæнгас архайджытæм. Дидинджыты фесæфт æмæ йæ аххосаг. Сыхæгты ахаст сæ кæрæдзимæ. Радзырдæн æндæр кæрон æрхъуыды кæнын. | - текст хинымæр æмæ хъæрæй кæсын;<br>- Тетейæн характерисикæ дæттын йæ митæм гæсгæ;<br>- радзырды мидис дзурын.<br>Арæхсын:<br>- урочы активон уæвынмæ;<br>- авторы цæстæнгас æмбарынмæ;<br>- сыхæгтæ ахастытæн аргъ кæнынмæ. |
| **Фæззæг ралæууыд йæ рады (3 сах)** | | | |
| 24 | Кочысаты Мухарбег «Фæззæджы нывтæй» | Эпиграфыл кусын.<br>Темæйы сæргондмæ гæсгæ ныхас цæуыл цæудзæн, уый сбæрæг кæнын.<br>Нывыл куыст.<br>Фæззæджы бæрæггæнæнтæ æмæ миниуджытæ.<br>Æмдзæвгæ аив кæсын.<br>Бæркад æмæ сой. | Зонын:<br>- фыссæджы царды ахсджиагдæр хабæрттæ хуымæтæг хуызы;<br>- нывмæ гæсгæ радзырд аразын.<br>Арæхсын:<br>- æмдзæвгæ аив кæсын æмæ æвзарынмæ;<br>- æмдзæвгæйы райдайæн æмæ кæрон æмбарынмæ;<br>- хи хъуыдытæ дзурынмæ. |
| 25 | Айларты Чермен «Бæркадхон» | Уацмыс кæсын.<br>Нывыл кусын.<br>Сюжеты æнахуырдзинад. Бурдзалыг Бæркадхон хоны халсартæ æмæ дыргъты йæ къæбицмæ.<br>Фæртстытæн дзуæппытæ дæттын. | Зонын:<br>- нывыл кусын;<br>- хи ныхæстæй дзурын;<br>- Бæркадхон бурдзалыг цæмæн у?<br>Арæхсын:<br>- фæрстытæн дзуæппытæ дæттынмæ. |
| 26 | Цæрукъаты Алыксандр «Бæркадджын фæззæг» | Фæззыгон ивддзинæдтæ æрдзы.<br>Поэты цæстæнгас фæллоймæ, бæркадмæ.<br>Æмдзæвгæ аив, раст хъæлæсыуагæй кæсын.<br>Аивгæнæн мадзал – олицетворени.<br>Æмдзæвгæйы хъуыдымæ хæстæг æмбисонд равзарын. Тагъддзуринаг зæрдывæрдæй ахуыр кæнын. | Зонын:<br>- æмдзæвгæ аив, раст хъæлæсыуагæй кæсын;<br>- фæззыгон ивддзинæдтæ æрдзы;<br>- æмдзæвгæйы хъуыдымæ æмбисонд æвзарын;<br>- поэты цæстæнгас æрдзмæ, бæркадмæ. |
| **Нæ адæмы ивгъуыд дуджы нывтæ (6 сах)** | | | |
| 27 | Хетæгкаты | Ног темæйыл ныхас. Зæронд дуджы нывтæ | Зонын: |

| | | | |
|---|---|---|---|
| | Къоста «Мæгуыры зæрдæ» | Хетæгкаты Къостайы æмдзæвгæйы.<br>Нывмæ гæсгæ куыст – хæхбæсты цард зымæгон.<br>Абоны хæхбæсты цардимæ йæ абарын.<br>Æмдзæвгæйы аивадон мадзæлттæ.<br>Æмдзæвгæйы мидис æмбарын кæнын.<br>Æмбисæндты мидисыл куыст.<br>Æмхуызон дзырдты нысаниуæг бæрæг кæнын.<br>Дзырдуат: зыгуым, лыстæн. | - æмдзæвгæйы мидис;<br>- зæронд дуджы царды нывтæ;<br>- хæхбæсты уæззау царды бæрæггæнæнтæ;<br>- аивадон мадзæлттæ.<br>Арæхсын:<br>- нывмæ гæсгæ хохæгты уæззау царды тыххæй дзурынмæ;<br>- абоны хæхбæсты цардимæ йæ барынмæ;<br>- æмхуызон дзырдты нысаниуæг бæрæг кæнынмæ. |
| 28 | Гæдиаты Секъа «Уæййаг сывæллæт-тæ» | Рагзаманты адæмы æбар цард. Æххормаг рæстæг. Хъæздгуыты фыдмитæ. Сывæллæттæ уæй кæнын – æппæты стырдæр фыдракæнд. Сывæллæтты абоны царды уавæртæ.<br>Æмбисонд зæрдыл бадарын.<br>Дзырдуат: мæрт, дзæнæтон лæнчытæ, фарсдар, сæрхъуызой, уацайрæгтæ. | Зонын:<br>- радзырды мидис æмæ йæ авторы;<br>- рагзаманты адæмы æнæбар цард;<br>- царды раивд.<br>Арæхсын:<br>- рагон царды нывтæ абоны цардимæ барынмæ. |
| 29 | Айларты Чермен «Задалески Нана» | Задалески Нанайы сгуыхдзинад. Авторы цæстæнгас Задалески Нанамæ. Сывæллæттæм æмæ Райгуырæн бæстæмæ уарзондзинад – тыхдæттæг фæрæзтæ. Аивадон мадзал – абарст. Æмдзæвгæ аив кæсын. Æмбисæндтыл куыст.<br>Æмхуызон дзырдты нысаниуæг бæлвырд кæнын. | Зонын:<br>- Задалески Нанайы сгуыхтдзинад;<br>- авторы цæстæнгас Нанамæ.<br>Арæхсын:<br>- автор абарстæй кæм спайда кодта, уыдон агурынмæ;<br>- аив кæсынмæ. |
| 30 | Лев Толстой «Мæгуыр адæм» | Радзырд хæйттыл дих кæнын. Къордтæй куыст – иумæйаг беседæ аразын. Адæмы мæгуырдзинадыл дзурын. Кæрæдзийы æмбарындзинад фæуæлахиз. Æмбисæндты хуызы радзырдæн хатдзæг кæнын. Боныхъæды зонæнтæ зæрдыл дарын. | Зонын:<br>- къорды кусын;<br>- беседæйы активонæй архайын.<br>Арæхсын:<br>- Жаннæйы мийæн аргъ скæнынмæ;<br>- æмбисæндты хуызы радзырдæн хатдзæг скæнынмæ. |
| 31-32 | Константин | Радзырд кæсын. Йæ архайды рæстæг æмæ | Зонын: |

| | | | |
|---|---|---|---|
| | Ушинский «Куырм бæх» | бынат.<br>Уседомы фæлгонц. Йæ диссаджы саргъы бæх Уадсур.<br>Уадсуры æххуыс йæ хицауæн.<br>Уседом йæ дзырд нæ сæххæст кодта.<br>Адæмы тæрхон Уседомæн.<br>Литературæйы теори: этюд. | - радзырды архайд кæд æмæ кæм æрцыд;<br>- сæйраг архайджыты;<br>- сæ ахастытæ кæрæдзимæ;<br>- уседомы рæдыд;<br>- бæхы фæлгонцы тыххæй дзурын.<br>Арæхсын:<br>- адæймаг æмæ хæдзарон цæрæгойты ахастытæн аргъ кæнынмæ. |
| 33 | Чеджемты Геор «Уæйыджы цæссыгтæ» | Сæргондыл кусын. Радзырды мидис. Болайы характеристикæ. Йæ сывæллоны бонтæ. Мады мæт. Бола - хосгæрдæнты. Рольтæм гæсгæ кæсын. Болайы æххуыс хъæлдым мыстæн. Тагъддзуринаг зæрдыл дарын. | Зонын:<br>- Болайы фæлгонц;<br>- Болайы мады мæт;<br>- йæ хицæндзинад иннæ сывæллæттæй.<br>Арæхсын:<br>- Болайы зæрдæхæлардзинадæн аргъ кæнынмæ. |
| **Зымæг (4 сах)** | | | |
| 34 | Хетæгкаты Къоста «Зымæг» | Рагзаманты хæхбæсты цæрæг адæмы зындзинæдтæ зымæгон. Абоны хæхбæсты цардимæ сæ барын. Æмбисæндты хъуыды æргом кæнын. Базон-базонæн дзуапп дæттын. Æмхуызон цы дзырдтæ хъуысы, уыдоны нысаниуæг бæрæг кæнын. Тагъддзуринагыл куыст. | Зонын:<br>- æмдзæвгæйы темæ;<br>- æмдзæвгæйы мидис;<br>- поэты зæрдæйы уаг æмбарын.<br>Арæхсын:<br>- абоны царды ивддзинæдтæ æмбарынмæ æмæ сын аргъ кæнынмæ. |
| 35 | Ногбон алы бæстæты | Æппæтдунеон бæрæгбон – Ног аз. Алы бæстæйæн дæр – йæхи Ног аз. Вьетнам, Афганистан æмæ Японы Ног аз. Уæрæсейы Заз бæласы бæрæгбон. Петр Первый-йы тыххæй зонинæгтæ. Зымæджы мæйтæ. Базон-базонæн дзуапп дæттын. | Зонын:<br>- Ног азы тыххæй дзурын;<br>- Вьетнам, Афганистан æмæ Японы Ног аз куыд кæнынц;<br>- Уæрæсейы заз бæласы бæрæгбон;<br>- чи уыд Петр Первый. |
| 36 | Цæрукъаты Александр «Фыццаг мит» | Æмдзæвгæ кæсын. Зымæгон æрдзы нывтæ æмæ куыстытæ. Сабиты зымæгон хъæзтытæ. Мæргътæ æмæ цæрæгойты зымæгон цард. Аивадон мадзæлттæ æмдзæвгæйы.<br>Базон-базонæн дзуапп дæттын. Тагъддзуринаг | Зонын:<br>- æмдзæвгæ аив кæсын;<br>- æрдзы зымæгон нывты хицæндзинад;<br>- сабиты зымæгон хъæзтытæ.<br>Арæхсын: |

| | | | |
|---|---|---|---|
| | | зæрдыл бадарын.<br>Æрдзы ивддзинæдтыл æрдзурын. | - поэт цы аивадон мадзæлттæй спайда кодта, уыдон агурынмæ. |
| 37 | Хæмыцаты Албег «Ног аз» | Поэты курдиат Ног азмæ. Йæ уарзон ахаст Райгуырæн бæстæмæ. Зæронд азæн фæндараст. Ног аз цины хабæрттимæ, ныфсытимæ фарны къах æрбавæрæд! Æмдзæвгæ – хынцинаг кæсын. | Зонын:<br>- æмдзæвгæйы сæйраг хъуыды;<br>- поэты ахаст Райгуырæн бæстæмæ;<br>- Ног азы нысаниуæг сабиты царды. |
| **Мадæлты фæдзæхст: «Макуы уал уæд хæст!» (2 сах)** | | | |
| 38 | Плиты Грис «Саби» | Авторы тыххæй зонинаг. Æмдзæвгæ аив кæсын.<br>Хæсты фыдбылызтæ.<br>Зæронд барæг æмæ сабийы фембæлд.<br>Тексты синонимтæ ссарын.<br>Вазыгджын дзырдтæ: урсбоцъо, цинæнхъæл. | Зонын:<br>- авторы æмæ уацмысы мидис;<br>- æмдзæвгæ аив кæсын;<br>- хæсты фыдбылызтæ.<br>Арæхсын:<br>- æмдзæвгæйы мидис радзурынмæ. |
| 39 | Къадзаты Станислав «Чысыл лæвар» | Сæргондыл кусын. Текст хæйттыл дих кæнын. Алы хаймæ дæр фæрстытæ дæттын. Алы хайыл дæр хицæн къордтæй кусын.<br>Иумæйаг хæслæвæрдтæ: Нанайæн, Батрадзæн æмæ Майорæн характеристикæ дæттын.<br>Æрыгон афицерты мæлæт. | Зонын:<br>- сæргондыл кусын;<br>- къорды куысты архайын;<br>- характеристикæ дæттын;<br>- мидис æмбарын. |
| 40 | Плиты Исæйы зарæг | Адæмон зарджытæ, сæ нысаниуæг.<br>Иссæйы тох знаджы ныхмæ. Йæ ардбахæрд хæстмæ цæугæйæ. Иссæйы хæстон сгуыхтытæ.<br>Зарæджы текст æмбаргæ каст кæнын.<br>Æмбисонд зарæджы мидисимæ бæттын. | Зонын:<br>- адæмон зарджытæ кæуыл конд вæййынц;<br>- цæмæн хуыйнынц адæмон.<br>Арæхсын:<br>- зарæджы текст аив æмæ комментаритимæ кæсынмæ. |
| 41-42 | Юрий Яковлев «Дзулы дидинæг» | Радзырд кæсын æмæ хи ныхæстæй дзурын.<br>Йæ сæргондыл ын æрдзурын.<br>Радзырды сæйраг хъуыды, йæ мидис. Балцы фæстæ Коляйы мидуавæры аивд йæ бабамæ.<br>Дыккаг хайæн сæргонд æрхъуыды кæнын. | Зонын:<br>- кæсын æмæ хи ныхæстæй дзурын;<br>- радзырды сæйраг хъуыды æмæ мидис;<br>- цæмæн уыди Коля иудадзыг æххормаг;<br>- радзырд «Дзулы дидинæг» цæмæн хуыйны. |
| **Райгуырæн бæстæ (3 сах)** | | | |
| 43 | Джыккайты | Нывыл кусын. Æмдзæвгæйы сæргонд | Зонын: |

| | | | |
|---|---|---|---|
| | Шамил «Фарны артдзæст у мæ бæстæ» | æмбарын кæнын. Поэты сæрыстырдзинад йæ Райгуырæн бæстæйæ.<br>Нæ рагфыдæлты хæрзæгъдæуттæ: цыт, уæздадзинад, уазæгуарзон, адæмæн лæггад кæнын, ныфсхаст уæвын.<br>Æмбисæндтыл куыст. | - ныв æмæ сæргондыл кусын;<br>- нæ фыдæлты æгъдæутты сæйрагдæртæ;<br>- кад æмæ бæркады нысаниуæг.<br>Арæхсын:<br>- æмдзæвгæ раст хъæлæсыуагæй аив кæсынмæ;<br>-дзырдты нысаниуджытæ бæрæг кæнынмæ. |
| 44 | Айларты Чермен «Фыдæлты уæзæг» | Радзырд кæсын æмæ хи ныхæстæй дзурын.<br>Авторы ныхас æнæуд предметтимæ: гæнах, быдыр æмæ Ирыстон.<br>Нывмæ гæсгæ хъуыдыйæдтæ хъуыды кæнын.<br>Тагъддзуринаг кæсын.<br>Полиндром зæрдыл дарын. | Зонын:<br>- радзырд аив кæсын;<br>- хи ныхæстæй йæ дзурын;<br>- нывмæ гæсгæ хъуыдыйæдтæ хъуыды кæнын.<br>Арæхсын:<br>- радзырды мидисмæ хæстæгдæр æмбисонд æвзарынмæ. |
| 45 | Боситы Ирбег «Æмбаргæ куыдз» | Радзырд кæсын.<br>Йæ мидис ын æмбарын – æфсæддонты балц доны былмæ, Пиратимæ фембæлд, ацæргæ сылгоймаджы раконд хабар, Пираты уаваæр йæ хицауы фесæфты фæстæ, йæ ирвæзынгæнджытæ, Пират Ирыстоны.<br>Тагъддзуринаг бахъуыды кæнын. | Зонын:<br>- радзырды мидис;<br>- радзырды сæйраг архайджыты;<br>- хи ныхæстæй дзурын.<br>Арæхсын:<br>- хъæбатыр морякы сгуыхтдзинадæн аргъ кæнынмæ;<br>- Пираты ирвæзынгæнджытæн характеристикæ дæттынмæ. |
| **Нæ уалдзæг – нæ дарæг (6сах.)** | | | |
| 46 | Кочысаты Мухарбег «Уалдзæг» | Ног темæйыл æрдзурын.<br>Уалдзыгон æрдзы нывтæ. Нывмæ гæсгæ хъуыдыйæдтæ хъуыды кæнын.<br>Æмдзæвгæ аив, раст хъæлæсы уагæй кæсын.<br>Поэты зæрдæйы цин.<br>Тагъддзуринаг зæрдыл дарын.<br>Боныхъæды тыххæй зонинæгтæ. | Зонын:<br>- ног темæйы мидис;<br>- нывмæ гæсгæ кусын.<br>Арæхсын:<br>- æмдзæвгæйы мидисмæ нывтæ кæнынмæ;<br>- æмдзæвгæ аив, хъæугæ хъæлæсыуагæй кæсынмæ. |
| 47 | Соттиты Риммæ «Малусæг æмæ бæрз» | Уалдзыгон нывтæ – Бæрз бæласы цин.<br>Митдоны æрбайсæфт. Малусæджы фæзынд.<br>Малусæг æмæ Бæрзы лымæндзинад. | Зонын:<br>- уацмысы темæ æмæ мидис;<br>- уалдзæджы миниуджытæ. |

| | | | |
|---|---|---|---|
| | | Æмбисæндты мидис æргом кæнын.<br>Æмхуызон дзырдты нысаниуæг бæлвырд кæнын. | Арæхсын:<br>- уацмыс аив кæсынмæ;<br>- хъæугæ эпизодтæ хицæн кæнынмæ;<br>- рольтæм гæсгæ кæсынмæ. |
| 48 | Чеджемты Геор «Æгас цæуай, дзывылдар» | Æмдзæвгæ аив хъæлæсыуагæй кæсын.<br>Поэты æнкъарæнтæ дзывылдары тыххæй.<br>Дзывылдар – уалдзæджы минæвар. Хи ’нкъарæнтæ æвдисын уалдзæг æмæ дзывылдармæ.<br>Æмбисонд бахъуыды кæнын.<br>Тагъддзуринаг кæсын. | Зонын:<br>- æмдзæвгæ аив æмæ хъæугæ хъæлæсыуагæй кæсын;<br>- хи æнкъарæнтæ æвдисын.<br>Арæхсын:<br>- поэты æнкъарæнтæ æмбарынмæ;<br>- дзырды арæзт æвзарынмæ. |
| 49 | Мыртазты Барис «Ног хорз æгъдæуттæн царды нæй кæрон» | Поэты фæдзæхст – Иры хорз æгъдæуттæн нæй кæрон æмæ сæ ды ма фесаф.<br>Æмдзæвгæ комментаритимæ кæсын.<br>Хатдзæгтæ кæнын.<br>Зæрдылдаринаг ахуыр кæнын.<br>Тагъддзуринаг бахъуыды кæнын. | Зонын:<br>- комментаритимæ кæсын;<br>- зæрдылдаринаг;<br>- тагъддзуринаг.<br>Арæхсын:<br>- хатдзæгтæ кæнынмæ;<br>- поэты фæдзæхст хицæн кæнынмæ. |
| 50 | Хъайтыхъты Азæмæт «Батыры æхцатæ» | Авторы тыххæй цыбыр раныхас.<br>Радзырд хайттыл дих кæнын. Сæргæндтæ сын хъуыды кæнын, хи ныхæстæй сæ дзурын.<br>Сæйраг архайæджы сабидуджы царды нывтæ.<br>Фыссæджы фæдзæхст. Тагъддзуринагыл куыст. Æмхуызон дзырдты нысаниуæг бæрæг кæнын. | Зонын:<br>- уацмысы жанр æмæ авторы ном;<br>- сæргонд хъуыды кæнын;<br>- хи ныхæстæй дзурын.<br>Арæхсын:<br>- къорды кусынмæ;<br>- хæйттыл дих кæнынмæ æмæ хайæн сæргонд дæттынмæ. |
| 51 | Туккаты Барис «Сомыгонд» | Радзырд кæсын. Йæ сæйраг хъуыды йын æмбарын. Дадайы цардæй ист æцæг хабар læппуйæн фехъуыс.<br>Радзырды сæргонд цæуыл дзурæг у? | Зонын:<br>- радзырды сæйраг хъуыды;<br>- дадайы цæстытæ доны цæмæн разылдысты. |

**Азы кæронмæ 4-æм къласы  скъоладзаутæ хъуамæ зоной:**
- æмбаргæ æмæ тагъд кæсын;
- уацмысы мидисмæ гæсгæ хъæлæсы уаг раст аразын;
- текст хинымæр æмæ хъæрæй кæсын;
- цы уацмыс бакастысты, уый мидисæй фæрстытæн раст дзуæппытæ дæттын;
- сæ хъуыдымæ гæсгæ кæрæдзимæ хæстæг дзырдтæ иртасын;
- тексты аивадон фæрæзтæ иртасын æмæ сын сæ нысаниуæг æмбарын;
- адæмон дзургæ сфæлдыстады жанртæ кæрæдзийæ иртасын;
- зындгонд фысджыты нæмттæ зонын, сæ уацмыстæ сын кæсын;

**Арæхсой:**
- уацмысы сæйраг геройы архæйдтытæн аргъ кæнынмæ, характеристикæ сын дæттынмæ;
- æмбисæндты хъуыды хибарæй æргом кæнынмæ;
- литературæйы теорийæ цы зонинæгтæ ис чиныджы, уыдонæй пайда кæнынмæ;
- тексты алы хуызтæ кæрæдзийæ иртасынмæ;
- библиотекæйы хъæугæ чиныг равзарынмæ;
- чиныджы ном, сæргæндтæ æмæ разныхасмæ гæсгæ, цæуыл фыст у, уый иртасынмæ;
- дзырдуæттæй пайда кæнынмæ.